



## Workers' Compensation Board

Si ou genyen pwoblèm sante kwonik (alontèm) akòz COVID-19 ki gen pou wè ak travay, ou gendwa elijib tou pou resevwa swen medikal a vi gratis atravè asirans dedomajman pou aksidan nan travay. Si maladi w la fè ou pa vin travay, ou gendwa tou elijib pou ranplasman salè pèdi.

### Jwenn avantaj atravè reklamasyon ou fè deja oswa fè li si ou pa genyen youn

Si ou deja genyen yon reklamasyon pou dedomajman pou aksidan nan travay ki etabli pou COVID-19, nenpòt avantaj salè pèdi oswa swen medikal pèmanan ki dirèkteman oswa pa konsekan gen pou wè ak COVID-19 tonbe anba reklamasyon sa a. Si ou pa gen yon reklamasyon ki etabli, ou dwe fè yon reklamasyon nan espas de (2) lane apre maladi w la.

- Ale sou <http://wcb.ny.gov/covid-19> pou w fè reklamasyon ki pi rapid la. Chwazi “File a Claim (Fè yon Reklamasyon),” epi ranpli vèsyon entènèt *Fòm Reklamasyon Anplwaye a (Fòm C-3)*, oswa ou kapab ranpli epi soumèt yon fòm papyè.

Menm si se pa tout reklamasyon yo ap aksepte, pa gen okenn mal oswa risk lè ou fè yon reklamasyon, menm si yo refize li.

Ou ap souffri  
konplikasyon pèmanan  
akòz COVID-19 ki gen  
rapò ak travay?

Komisyon dedomajman  
pou aksidan nan travay  
avèk ou pou yon  
bon bout tan.

Jwenn plis enfòmasyon epi  
fè reklamasyon sou  
<http://wcb.ny.gov/covid-19>

Pou w jwenn èd oswa poze kesyon,  
rele nan (877) 632-4996